

## **BAB III METODE PANALUNGTIKAN**


### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan nyaéta hiji cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, ogé cara ngabéréskeun masalah dina hiji panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) méthode panalungtikan nyaéta cara pikeun ngumpulkeun data tina panalungtikan.

Dina panalungtikan kudu ngagunakeun pamarekan jeung méthode. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode deskriptif. Méthode deskriptif medar pasualan-pasualan faktual anu aya dina panalungtikan, anu bakal dianalisis leuwih teleb deui. Pamarekan nu digunakeun dina panalungtikan ngeunaan novél *Lalangse* karya Aam Amilia nyaéta pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 22) pamarekan kualitatif nyaéta pidangan anu mangrupa kekecapan atawa tinulis anu ditalungtik ku panalungtik tur ditémbongkeun sacara *detail* pikeun meunangkeun ma'na nu aya dina objék panalungtikan.

### **3.2 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan digunakeun pikeun mantuan gawé panalungtik sangkan dina ngalaksanakeun panalungtikan sistematis, puguh léngkah-léngkahna. Dumasar kana méthode deskriptif analisis, désain panalungtikan anu dilaksanakeun miboga sababaraha léngkah, anapon digambar dina bagan dihandap



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data panalungtikan aya dua téhnik nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 136) téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan téhnik nu digunakeun nyaéta téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka. Data dihasikeun ku cara maca sacara taliti sumber data ku cara nalaah pustaka sangkan bisa neleuman tior-tiori anu aya patalina jeung panalungtikan.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngolah data panalungtikan nyaéta ngagunakeun téknik analisis. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) yén téknik ngolah data nyaéta hasil analisis anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan atawa désain panalungtikan anu digunakeun. Anapon anu dianalisis nyaéta analisis struktur novel *Lalangsé* jeung analisis psikologi humanistik anu aya dina novél.

##### 1) Analisis unsur carita novél *Lalangsé*

Ieu analisis téh maké tiori strukturalisme Robert Stanton, anu ngawengku:

- (1) téma dina novél *Lalangsé*;
- (2) fakta carita dina novél *Lalangsé* (galur, palaku jeung watekatawa penokohan, jeung latar); jeung
- (3) sarana carita novél *Lalangsé* (judul, puseur implengan atawa point of view, jeung gaya basa).

##### 2) Analisis Unsur Kapribadian Palaku Novél *Lalangsé*

Analisis anu satuluyna dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur tokoh dina novél *Lalangsé* anu maké tiori Abraham Maslow. Dina ieu tiori Sacara gurat badag pangabutuh kana psikologi aya opat nyaéta:

- (1) pangabutuh kana rasa aman
- (2) pangabutuh kana rasa héman
- (3) pangabutuh kana penghargaan, jeung
- (4) pangabutuh kana aktualitasi diri.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun nyangking data (Sisworo, 2010, kc. 73). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data jeung tabél talaah dokumentasi. Kartu data digunakeun pikeun nyutat sempalan carita anu nuduhkeun kana struktur carita jeung psikologi humanistik anu aya dina novél *Lalangsé*.

#### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik studi pustaka. Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara ngumpulkeun cutatan dina novél *Lalangsé*, anu aya patalina jeung strukturalisme sarta psikoanalisis. Ieu di handap mangrupa instrumén pikeun ngumpulkeun data struktur carita, anu ngawengku téma, galur, palaku, latar, tokoh jeung penokohan.

Di handap conto kartu data anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data struktur carita, anu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung watek, sarta latar), jeung sarana (jejer, puseur implengan, jeung gaya basa).

Tabél 3.1 Conto Kartu Data Téma

Kartu Data Téma	
Kode Data	:
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.2 Conto Kartu Data Galur

Kartu Data Galur	
Kode Data	:
Bagian	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.3 Conto Kartu Data Latar

Kartu Data Latar	
Kode Data	:
Jenis Latar	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.4 Conto Kartu Data Tokoh jeung Watek

Kartu Data Tokoh jeung Watek	
Kode Data	:
Palaku/ Watek	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.5 Conto Kartu Data Tokoh jeung Judul

Kartu Data Judul	
Kode Data	:
Struktur Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.6 Conto Kartu Data Tokoh jeung Implengan

Kartu Data Puseur Implengan	
Kode Data	:
Puseur Implengan	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.7 Conto Kartu Data Gaya Basa

Kartu Data Gaya Basa	
Kode Data	:
Gaya Basa	:
Cutatan	:
Analisis	:

## Katerangan

Kode Data	: L/E/KU/KC
L	: Novél <i>Lalangsé</i>
E1	: Episode
KC	: Kaca
KU	: Kode Urutan Data
KU1	: Téma
KU2	: Galur
KU3	: Palaku jeung Watek
KU4	: Latar
KU5	: Judul
KU6	: Puseur Implengan
KU7	: Gaya Basa
00	: Nomor

Dihandap ieu conto kartu data anu digunakeun dina nganalisis psikologi humanistik dina novél *Lalangsé* nurutkeun Abraham Maslow. Anu ngawengku pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa héman, pangabutuh kana penghargaan, jeung panagabutuh kana aktualitas diri.

Tabél 3.8 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Aman

Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Aman	
No	:
Cutatan	:
KC	:
Analisis	:

Tabél 3.9 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Héman

Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Héman	
No	:
Cutatan	:
KC	:
Analisis	:

Tabél 3.10 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Penghargaan

Kartu Data Pangabutuh Kana Penghargaan	
No	:
Cutatan	:
KC	:
Analisis	:

Tabél 3.11 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Aktualitas Diri

Kartu Data Pangabutuh Kana Aktualitas Diri	
No	:
Cutatan	:
KC	:
Analisis	:

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalugtikan ngagunakeun kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan anu aya dina novél *Lalangsé*.

Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun pikeun ngébréhkeun analisis struktural, jeung psikologi humanistik Abraham Maslow.

#### 1) Kartu Data Struktural Carita

Kode Data	: L/E1/KU1/KC6
Téma	: Pajauhna Sri Rahayu Jeung Ajat
Cutatan Carita	: Kangaraning papisah jeung salaki, boro-boro mulan-malen, dalah ukur popoéan gé, apan sok karasa keeungna. Ieu deui sasat nyanghareupan bahaya.
Analisis	: Cutatan di luhur mangrupa awal carita anu dimimitian ku pajauhna Sri Rahayu jeung salakina Ajat. Bisa ditingali yén didinya Sri Rahayu ngarasa kaleungitan jeung ngarasa keeung ku euweuhna Ajat. Hal éta anu jadi awal ayana permasalahan.

Gambar 3.1 Conto Kartu Data Téma

Kode Data	: L/E1/KU2/KC6
Struktur Carita	: Galur
Bagian	: Awal
Cutatan Carita	: Bet kahudang kasonona ka salaki. Biasana ari wayah kieu téh, mun teu bisa saré kawas ayeuna, sok ngaguyahkeun salaki.
Analisis	: kajadian di luhur nuduhkeun kajadian anu biasana dilakukeun ku palaku utama. Kusabab salakina pajauh, jadi palaku ngarasa kaleungitan. Hal éta anu jadi awal muka carita kahareupna.

Gambar 3.2 Conto Kartu Data Galur



<p>Kode Data : L/E1/KU3/KC5</p> <p>Palaku/ Watek : Sri Rahayu/ mikanyaah</p> <p>Cutatan Carita : Surat ti Ajat salakina nu dipikadeudeuh, nu teu weleh dipicileuk beurang peuting. Mun kudu ditalar asa bakal apal Sri Rahayu kana eusi surat satumpuk téh.</p> <p>Analisis : Cutatan di luhur nuduhkeun kanyaah na Sri Rahayu ka Salakina. Bisa katingali dina éta cutatan kumaha nyaahna Sri Raahayu ka salakina, apal pisan ka Ajat.</p>
---

Gambar 3.3 Conto Kartu Data Palaku jeung Watek

<p>Kode Data : L/E1/KU4/KC7</p> <p>Latar : Imah Sri Rahayu</p> <p>Cutatan Carita : Diuk ngalageday. Guguling ditumpakeun kana bantal, dipaké ganjel, ngarah bisa nyanda. Panonna neteup anteb kana potrét Ajat luhur toilet. Gigireun parabotan kageulisan.</p> <p>Analisis : Cutatan di luhur nuduhkeun Sri Rahayu keur aya di imahna. Kusabab, katingali Sri Rahayu cicing di kamarna, ditambah ku ayana poto salakina Ajat.</p>
--

Gambar 3.4 Conto Kartu Data Latar

<p>Kode Data : L/E12/KU5/KC125</p> <p>Struktur Carita: Judul</p> <p>Cutatan Carita : Lalangsé nutup lalaunan. Sanajan ukur tina lamak, tohaga hartina. Yén antara dirina jeung Sri Rahayu aya wates nu moal beunang didobrak.</p> <p>Analisis : Cutatan di luhur bisa katingali jelas yén maksud tina kecap “lalangsé” anu aya diantara Jaka jeung Sri Rahayu téh miboga arti teu saukur kecap biasa.</p>
---

Gambar 3.5 Conto Kartu Data Judul

Kode Data	: L/E3/KU6/KC29
Puser Implengan	: Jalma Kahiji
Cutatan Carita	: “Baé ah, batur-batur.... urang-urang, naha....”
Analisis	: Cutatan di luhur nuduhkeun palaku utama sakalu jalama kahiji. Sabab bisa katingali dina éta sempalan carita tokoh utama nu nepikeun éta paguneman salaku jalma kahiji.

Gambar 3.6 Conto Kartu Data Puser Implengan

Kode Data	: L/E1/KU7/KC8
Gaya Basa	: Kiasan
Cutatan Carita	: Lir diawuran malati, bodas nyacas murudul ti langit biru, seungit meleber.
Analisis	: Cutatan di luhur jelas kaasup gaya basa kiasan. Sabab ayana kecap “lir” jadi kaasup gaya basa kiasan simile atawa gaya basa ngupamakeun.

Gambar 3.7 Conto Kartu Data Gaya Basa

## 2) Kartu Data Psikologi Humanistik

Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Aman	
No	: 1
Cutatan	: Ruy rey rarasaan Rahayu ditanya kitu téh. Keeung tangtau keueung mah témbalna, ukur na haté.
KC	: 28
Analisis	: Cutatan diluhur nuduhkeun kategenahan haté Sri Rahayu. Sri Rahayu anu jauh ti salakina, butuh kana rasa aman sakirana aya batur anu ngahereuyan.

Gambar 3.8 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Aman

Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Héman	
No	: 2
Cutatan	: Breh deui nu ngrim suratna nembongan. Imutna, baeudna. Kadéngé sora jeung seurina. Mani asa hayang sagokeun. Hayang gabrug ngarangkul hayang ngagaléntor
KC	: 7
Analisis	: Cutatan di luhur nuduhkeun yén Rahayu anu jauh jeung salakina ngarasa sono, ngarasa butuh kana rasa héman. Sri Rahayu ngan bisa ngabayang-bayang salakina dina implengan.

Gambar 3.9 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Rasa Héman

Kartu Data Pangabutuh Kana Penghargaan	
No	: 3
Cutatan	: Isin ku jenengan, SMA urang téh, nanging asa taya pisan palajaran nu ngaharib-harib kana jenengan sakola.
KC	: 16
Analisis	: Cutatan di luhur nuduhkeun yén Sri Rahayu salaku guru di sakola ngingetkeun ka murid-muridna yén kudu ngajaga ngaran sakola. Hal éta sarua jeung nuduhkeun pangabutuh kana rasa penghargaan.

Gambar 3.10 Conto Kartu Data Pangabutuh kana penghargaan

Kartu Data Pangabutuh Kana Aktualitas Diri	
No	: 4
Cutatan	: “Dan saya mendukung. Kami adalah gurumu”
KC	: 113
Analisis	: Cutatan di luhur nuduhkeun katandesan Sri Rahayu salaku guru ka muridna nyaéta Jaka. Sanggeus ayana konflik antara Sri Rahayu jeung Jaka, Sri Rahayu ngabuktikeun manéhna salaku guru anu miboga wibawa.

Gambar 3.11 Conto Kartu Data Pangabutuh Kana Aktualitas Diri

### 3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.5.1 Data Panalungtikan

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna informasi ngeunaan struktural jeung unsur psikologi humanistik anu aya dina novél *Lalangsé* karya Aam Amilia. Data dina ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan unsur intrinsik nu ngawengku téma, fakta carita (alur, palaku, watek, jeung latar), ogé aya sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya basa jeung amanat). Salian ngaguar ngeunaan unsur intrinsik, ogé ngaguar ngeunaan unsur psikologi humanistik Abraham Maslow nu ngawengku pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa héman, pangabutuh kana penghargaan, jeung pangabutuh kana aktualitasi diri.

Ngumpulkeun data dina panalungtikan pastina kudu make téhnik panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka atawa talaah pustaka. téhnik ieu dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, sangkan bisa nalaah tiori-tiori anu patali jeung ieu panalungtikan.

#### 3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa subjék ti mana éta data bisa dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta hiji karya sastra dina wangun novél nu judulna *Lalangsé* karya Aam Amilia. Salian ti éta, aya sumber data séjén nyaéta buku-buku matéri jeung jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

##### 3.5.2.1 Idéntitas Buku

Judul	:	Lalangsé
Pangarang	:	Aam Amilia
Pamedal	:	Pustaka Daséntra
Taun Medal	:	1984
Jumlah Kaca	:	125 kaca



Gambar 3.12 Sampul Novel

### 3.5.2.2 Ringkesan Singket Carita

Sri Rahayu, guru SMA anu geulis, buukna ngagebay panjang. Ditinggalkeun ku salakina mancén tugas di Timor Timur. Hiji peuting Rahayu ngarasa sono ka salakina nyaéta Ajat. Guling-gasah rahayu teu bisa saré lantaran ngarasa sono ka salaki anu jauh, geus lila teu papanggih. Sri Rahayu mukaan surat anu geus ditulis ku Ajat, beuki nineung kajadian-kajadian basa babarengan jeung Ajat. Peuting harita Rahayu ngan saukur bisa ceurik ngarasakeun kanalangsaaan ditinggalkeun salaki jauh di Timor Timur.

Carita séjén kaalaman ku Rahayu salaku guru di sakolana. Salayakna guru ngabéla murid-muridna di sakola, Sri Rahayu disanghareupkeun jeung permasalahan. Sri Rahayu anu boga kahayang dina nanjeurkeun basa Sunda ku cara ngeusian mading sakola dina basa Sunda, tapi pihak sakola teu nyatujuan éta kahayang muridna lantaran ayana patelak paham antara kolot-kolot murid nu ti sélér séjén.

Rahayu anu pajauh jeung salaki, anu kurang ngarasa dipikanyaah ku salaki, nimbulkeun carita séjén jeung muridna nu ngarana Jaka. Carita dimimitian ku rasa panasaran jeung rasa kagum ka Jaka, nepi ka ayana harepan anu leuwih ka Jaka. Poé ka poé diliwatan ku Jaka jeung Rahayu nepi ka aya kabiasaan anu beda. Leuwih ti hubungan antara murid jeung guru.

Hubungan antara Rahayu jeung Jaka ahirna teu bisa ngahiji, lantaran ayana kasadaran yén hubungan Jaka jeung Rahayu teu bisa leuwih antara guru jeung murid. Maranéna ngansaukur bisa nunda rasiah haté masing-masing.

### 3.5.2.3 Biografi Singket Pangarang

Aam Amilia lahir di Bandung, 21 Désémber 1946. Aam Amilia téh salasahiji sastrawan, jurnalis, ogé pangarang wanoja Sunda nu kawilang produktif tur miboga peran penting dina sastra Sunda. Salian ti nulis cerpén jeung buku, anjeunna pernah ogé jadi rédaktur jeung wartawan di sababaraha media cetak basa Sunda jeung Indonésia, kaasup *Manglé*, *Hanjuang Bodas*, *Galura*, *Kudjang*, jeung *Pikiran Rakyat*. Aam Amilia ngamimitian nulis ti taun 1961, nepi ka ayeuna geus ratusan cerpén, ogé puluhan buku basa Sunda jeung Indonésia anu geus ditulis. Dina taun 1968, Aam Amilia jadi juara ka-1 dina saémbara ngarang IKAPI Jawa Barat, dina katagori bacaan déwasa basa Sunda.

Dina taun 2015 jeung 2017, Aam meunang pangajén Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Kabudayaan Rancagé. Hasil karya Aam Amilia anu médal

dina basa Sunda diantarana nyaéta *Samagaha* (1969), *Asmara Ngambah Sagara* (1970), *Puputon* (1970), *Buron* (1980), *Diantara Tilu Jaman* (2017). Kaasup ogé buku *Lalangsé*.

(Isnendes, 2017, kc. 50).

